



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

7720 W. Oakland Park Blvd. • Sunrise, Florida 33351 • Office: 754-321-0215 • Fax: 754-321-0235

Food and Nutrition Services Department
Mary Mulder, Director
754-321-0215
Mary.mulder@browardschools.com
www.browardschools.com

The School Board of
Broward County, Florida

Dr. Rosalind Osgood, Chair
Laurie Rich Levinson, Vice Chair



www.myschoolapps.com

Lori Alhadeff
Patricia Good
Debra Hixon
Donna Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Nora Rupert

Pou Fanmi/Gadyen Legal:

Premye jiyè 2021

Timoun-yo bezwen manje nourisan. Sa va ede-yo aprann pi mye lekòl. *Broward County Public Schools* (lekòl piblik konte Brawad) sèvi manje nourisan chak jou lekòl. Dejene gratis pou tout elèv nan kad Pwogram inivèsèl pou dejene gratis nan lekòl; pri manje midi (lunch) se \$2.00 pou lekòl primè, \$2.35 pou lekòl mièlèskoul ak \$2.50 pou ayeskoul. Piti-ou kapab kalifye / elijib pou manje gratis oswa pi bon mache. Pri manje pi bon mache se \$0.40 pou lunch. *Broward County School Board* pa fikse pri manje nan lekòl *Charter*.

Pou ou kapab aplike pou benefis Manje gratis oswa pi bon mache (Free or Reduced-Price Meals), ranpli yon aplikasyon pou benefis manje nan sit Entènèt www.myschoolapps.com. Si ou pa kapab ranpli yon aplikasyon nan Entènèt, kontakte biwo *Food and Nutrition Services* nan nimewo 754-321-0250 epi mande pou yo voye ba-ou yon aplikasyon sou fòm papye *Multi-Child Application for Meal Benefits* (Aplikasyon pou Benefis Manje pou plizyè timoun.) Si ou ranpli yon aplikasyon sou fòm papye, tanpri retoune fòm nan nan adrès: Food and Nutrition Services, 7720 W. Oakland Park Boulevard, Suite #304, Sunrise, Florida, 33351. Lè nou fin verifye aplikasyon-ou, nap fè ou konnen nan yon notifikasyon si piti-ou elijib pou benefis manje. Ou kapab resevwa notifikasyon-an nan imel-ou (adrès elektwonik) ou ban-nou pou kontakte-ou oswa nan lapòs.

Kantite moun nan kay-ou ak revni (inkòm) chak moun dapre kritè ki tabli, sèvi pou detèminen elijibilite. Nou pap kapab apwouve yon aplikasyon si li pa gen ransèyman konplèt konsènan elijibilite. Yon fwa aplikasyon-an apwouve, avantaj benefis manje valab pou tout yon ane eskolè; li pa nesèsè pou notifiye biwo *Food and Nutrition Services* sou chanjman sityasyon fanmi-ou tankou kantite moun ki nan kay-la ak revni chak moun. Ou kapab aplike pou avantaj benefis manje nenpòt lè diran ane eskolè-a. Si yon moun nan kay-ou pèdi travay-li oswa sityasyon fanmi-an ta vin chanje, piti-ou kapab elijib pou benefis manje gratis oswa pi bon mache. Nou va itilize enfòmasyon ki sou aplikasyon-an sèlman pou detèminen elijibilite epi yo kapab verifye enfòmasyon-an nenpòt lè diran ane eskolè-a.

Yo blije kay ki resevwa benefis Florida SNAP (*Supplemental Nutrition Assistance Program*), Florida TANF (*Temporary Assistance for Needy Families*) oswa FDIPIR (*Food Distribution Program on Indian Reservations*), pou yo ekri sou aplikasyon-an non timoun-nan, non ak nimewo dosye valid (case number) Florida SNAP, Florida TANF oswa FDIPIR pou moun kap resevwa benefis-la, ak siyati yon granmoun nan kay-la ki dwe siyen aplikasyon-an. Lè yon nimewo dosye youn nan twa pwogram asistans parèt sou aplikasyon nenpòt manm ki rete nan kay-la, tout timoun ki nan kay-la elijib pou benefis manje gratis. Timoun ki rete nan kay kap patisipe nan WIC (*Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children*) kapab elijib pou benefis manje gratis oswa pi bon mache.

Si ou gen timoun ki migran, timoun san lojman, timoun ki sove oswa timoun Leta plase lakay-ou k'ap viv nan menm kay ak ou, epi lekòl-la pat fè ou konnen timoun-nan kapab jwenn benefis manje gratis, tanpri kontakte Kowòdinatè Distri-a pou migran nan nimewo telefòn 754-321-1414, oswa moun ki Lyezon pou elèv san lojman/ki sove nan nimewo 754-321-1566 oswa Lyezon pou timoun Leta plase lakay-ou nan nimewo 754-321-1551 pou konnen si timoun-la kalifye.

Pou detèminen kantite moun ki nan kay-ou, yo konsidere militè fòs Lame ki deplwaye, kòm manm kay-ou. Fanmi dwe mete sou aplikasyon-yo non militè aktif ki nan Lame. Rapòte sèlman pòsyon revni militè-a touche oswa pòsyon salè yo bay fanmi-an onon-ni. Diplis, si lojman-ou fè pati *Military Housing Privatization Initiative* pa enklè alokasyon ou resevwa pou lojman kòm inkòm. Si lojman-ou fè pati *Military Housing Initiative* oswa ou touche salè konbatan, pa enklè alokasyon yo ba-ou kòm inkòm. Si lame peye pou lojman-ou pou ou ka rete andeyò enstalasyon militè, enklè sa kòm inkòm.

Tout lòt kay dwe founi ransèyman-sa-yo sou aplikasyon-an: non tout timoun ak granmoun kap viv nan kay-la, non lekòl kote chak timoun ale; salè total pou chak moun nan kay-la, konbyen fwa chak moun nan kay-la te touche revni-la (inkòm), ak kalite revni (egzanp, salè, lajan pou sipòte piti-ou – *child support*, elatriye); tcheke pa gen revni "no income" nan kare-a lè sa aplikab; ekri kat dènye chif nimewo kat sosyal sekirite (*Social Security Number*) granmoun kap siyen aplikasyon-an oswa tcheke kare-a si granmoun kap siyen-an pa gen yon nimewo kat sosyal; siyati granmoun ki siyen-an sètiye enfòmasyon ki sou aplikasyon-an kòrèk. Si ou fè tan siplemantè (ovètaym) regilyèman, enklè sa ou touche pou ovètaym, men si ou fè ovètaym pafwa, pa enklè montan-an. Ou-mennm oswa piti-ou pa bezwen sitwayen ameriken (sitizen) pou nou kalifye pou manje gratis oswa pi bon mache. Ou kapab mete sou yon sèl aplikasyon non timoun Leta plase lakay-ou (foster child) ak tout lòt manm ki nan kay-ou. Si fanmi ki akèyi timoun-nan pa elijib pou benefis manje gratis oswa pi bon mache, sa pap anpeche timoun-nan (foster child) jwenn benefis manje gratis pou li-mennm.

Dapre pwovizyon regleman *Free and Reduced-Price Meal Policy*, Kowòdinatè Benefis Manje (Meal Benefits Coordinator) va revwa aplikasyon-yo epi detèminen elijibilite. Si ou pa dakò avèk desizyon fonksyonè-nan pran, ou ka vle diskite sa ak li yon fason enfòmèl. Kontakte fonksyonè-nan biwo *Food and Nutrition Services* nan nimewo 754-321-0250. Si ou pito konteste desizyon-an fòmèlman, ekri: Mary Mulder, *Director of Food and Nutrition Services*, 7720 W. Oakland Park Boulevard, Suite #204, Sunrise, Florida, 33351 oswa relefonen 754-321-0215.

| Tablo revni (inkòm) gouvènman federal apwouve epi ki valab pou elijibilite | | | | | |
|---|----------|----------|------------------|----------------|-------------|
| Piti-ou kapab elijib pou benefis manje gratis oswa pi bon mache si dapre tablo-sa-a revni-ou (inkòm) tonbe nan limit oswa pi ba revni ki apwouve. | | | | | |
| Kantite moun nan kay-la | Chak ane | Chak mwa | De fwa nan mwa-a | Chak de semenn | Chak semenn |
| 1 | 23,828 | 1,986 | 993 | 917 | 459 |
| 2 | 32,227 | 2,686 | 1,343 | 1,240 | 620 |
| 3 | 40,626 | 3,386 | 1,693 | 1,563 | 782 |
| 4 | 49,025 | 4,086 | 2,043 | 1,886 | 943 |
| 5 | 57,424 | 4,786 | 2,393 | 2,209 | 1,105 |
| 6 | 65,823 | 5,486 | 2,743 | 2,532 | 1,266 |
| 7 | 74,222 | 6,186 | 3,093 | 2,855 | 1,428 |
| 8 | 82,621 | 6,886 | 3,443 | 3,178 | 1,589 |
| Pou chak manm mi, ajoute | 8,399 | 700 | 350 | 324 | 162 |

Ou kapab kontakte biwo Food and Nutrition Services nan telefòn, nimewo 754-321-0250 oswa voye yon imel nan adrès elektwonik

freereducedmeals@browardschools.com, si ou gen keksyon oswa ou bezwen asistans.

Avèk respè,

Mary Mulder
Director, Food and Nutrition Services

Dapre Lwa federal sou dwa sivik ak politik epi regleman sou dwa sivik Depatman Agrikilti Etazini USDA (*U.S. Department of Agriculture - USDA*), USDA, Ajans-li, ofis ak anplwaye-li, enstitisyon k'ap patisipe nan pwogram USDA oswa administre pwogram USDA, yo defann yo fè diskriminasyon poutèt ras, koulè po, nasyonalite, sèks, andikap, laj, reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivik ki te mennen nan leparse. Sa vleli diskriminasyon-sa-yo entèdi nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA jere oswa sibvansyonnen.

Moun ki gen andikap (dizabilite) ki bezwen itilize mwayen komunikasyon altènati pou li jwenn enfòmasyon sou yon pwogram (mwayen komunikasyon tankou Bray, enfòmasyon ekri an gwo karaktè enprimri, odyotep, Langaj ak siy - *American Sign Language*, etc.), ta dwe kontakte Ajans (Leta oswa lokal) kote yo aplike pou jwenn benefis. Moun ki soud, di pou tande oswa gen difikilte pale kapab kontakte USDA lè li itilize sèvis *Federal Relay Service* nan nimewo (800) 877-8339. Diplis, enfòmasyon sou yon pwogram kapab disponn nan lòt lang ki pa Angle. Si ou vle pote plent kont diskriminasyon, ranpli fòm konplèt kont diskriminasyon Pwogram USDA (*USDA Program Discrimination Complaint Form, -AD-3027*). Ou kapab jwenn fòm-sa-a sou sit Entènèt: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, nan nenpòt ofis USDA, oswa ekri yon lèt adrese a USDA epi prezante nan lèt-la tout enfòmasyon ak ransèyman yo

Educating Today's Students to Succeed in Tomorrow's World
Broward County Public Schools is an Equal Opportunity/Equal Access Employer

mande sou fòm-la. Pou mande yon kopi fòm konplèt-la, vèsyon papye, rele nimewo (866) 632-9992. Soumèt fòm konplèt ou ranpli a oswa poste lèt-la, ekri adrès-sa-a sou anvlòp-la U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410, oswa ankò ou kapab faksè fòm-la, nimewo faks-la se (202) 690-7742 oswa voye yon imel. Adrès elektwonik-la se program.intake@usda.gov. Enstitisyon USDA se yon founisè sèvis ki ofri chans egal pou tout moun